

*Life don beta...***EPISODE 7****CHARACTERS***Innocent**Ngozi**Efe**Whiz papa**Isoken***SCENE 1**

1. **SFX:**                    **SOUND OF FOOTSTEPS WIPING THEIR FEET ON THE DOOR MAT, DOOR OPENS.**
2. **INNOCENT:**        **(EXCITEDLY)** Chuxzy bobo! Daddy don reach house.....
3. **NGOZI:**                Shhhhh, Inno, no too shout.
4. **INNOCENT:**        **(LOWERS HIS TONE)** No tell me say I don late sotay Chuxzy don sleep before I even enter house, ohh, Ngo
5. **NGOZI:**                Yes im don sleep, but no be becos you too late. Na cry wey im cry sleep.
6. **INNOCENT:**        **(SURPRISED)** E cry till im sleep? Im dey sick?
7. **NGOZI:**                No e no sick and I hope say im no go get temperature for morning with all di cry wey im today today.
8. **INNOCENT:**        Ngo, abeg wetin happun? Tell me abeg. You know say I no like am when our son.....
9. **NGOZI:**                **(CUTTING IN)** Relax your mind Inno. Na jus im sweetie Isoken wey enter trouble with her papa wife today.
10. **INNOCENT:**        **(CUTTING IN)** again? Dia quarrel don dey too plenty these days,

11. **NGOZI:** **(HEATEDLY)** Yes and e pass dat one o, I believe say **(SARCARSTICALLY)** OUR LANDLADY dey jealous how our son and Isoken take dey close.
12. **INNOCENT:** **(LAUGHING)** Ngo baby! You sure you no dey put maggi for dis gist? Why Efe go jealous di clean and simple love wey dey between Chuks and Isoken?
13. **NGOZI:** **(PEEVISHLY)** Inno you know say I no put any maggi for dis gist. Dat woman no dey take eye see anyting wey good. She jus no wan make my friend Isoken happy at all.
14. **INNOCENT:** **(GETTING SERIOUS)** You fit dey correct there but I no wan make you put mouth inside Isoken and our Landlady kwanta.
15. **NGOZI:** Why na? no tell me say e no dey pain you as di woman dey take wicked dat sweet Isoken.
16. **INNOCENT:** Of course e dey pain me. Who dat kain ting no go pain? Na jus pure abuse. Anyway, I no wan make you show Efe say you dey support Isoken. I no wan make she push us commot for dia house.
17. **NGOZI:** Well, me I no ready to leave Isoken now wey our friendship don strong pass before. I just wan protect am from all dat wickedness wey her stepmama dey show am.
18. **SFX:** **SOUND OF CROCKERY AS A TABLE IS SET.**
19. **NGOZI:** Come chop my dear. Hungry go don wire you. I know you no dey even chop small ting to hol belle for afternoon.
20. **SFX:** **CHAIRS SCRAPING AS THEY ARE PULLED.**
21. **INNOCENT:** **(MOUTHFUL OF FOOD)** Dis food sweet o! Ngo baby I get one better gist. Dem don select me to follow go di Get It Together training for Abuja.

- 22.**NGOZI:** Odikwegu! Dat na really wonderful news. After dis training I hope say you go fit dey promote Family Planning methods like injectibles, pills...
23. **INNOCENT:** **(CUTTING IN)** Ngo baby, me sef pray so but anyting wey I know inside am, e go be good waka. Di only ting be say I no wan leave you now wey you don reach to born
- 24.**NGOZI:** Honey, I still get like 2 weeks before I born. Time dey. You go come back before I born
- 25.**INNOCENT:** So you feel say I suppose go di training?
- 26.**NGOZI:** Inno, go for the training abeg. I go dey fine. Di baby go dey fine. And Isoken go help me if I need anyting. I go dey fine.
- 27.**INNOCENT:** Okay honey, thank you. But my baby girl must to wait for me till I come back o.
- 28.**BRIDGE MUSIC: UP AND FADES UNDER**

**SCENE 2**

*Pullen's house. afternoon*

- 29.**SFX:** **MOTOR BIKE IS RIDING PAST. FOOTSTEPS COMING DOWN THE STAIRS.**
- 30.**EFE:** **(HARSHLY)** Isoken! Na so to make hair? I nor fit believe say up till now you nor fit cut straight line. Abeg start am again. Sorry my dear customer. Dis girl nor dey hear word.
- 31.**SFX:** **BIKE STOPS. MURMURS AND THE BIKE RIDES OFF.**
- 32.**WHIZ PAPA:** Pullen! My friend Pullen! Hope say you dey house. I get small good news....
- 33.**EFE:** **(CUTTING IN RUDELY)** And which kain good news wey you fit even get? You dis useless man!
- 34.**WHIZ PAPA:** **(IGNORING EFE)** Pullen di sweet husband of Itohan, di correct head of im family. Pullen...
- 35.**EFE** **(INCENSED)** Who you be wen you go call my husband name like dat? Na you be im papa? Abi na you give am di name?
- 36.**WHIZ PAPA:** You really wan make I notice you,dis Efe. If nor be death wey carry Itohan di sweet wife of Pullen...
37. **EFE:** You dis useless man. You nor wan commot your mind from di past. Na me be Pullen original wife now. And na me be di gate wey you go pass to take see Pullen.
- 38.**WHIZ PAPA:** Me! Whiz Papa pass you before I go see my friend Pullen! You really get liver o, Efe.
- 39.**EFE:** And who you be? Whiz Papa or Whiz mumu!
- 40.**WHIZ PAPA:** Efe! I nor blame you. Na becos Itohan, Isoken mama don kpai go, naim make you fit tanda my front now, dey even insult me join.

41. **EFE:** See, I nor get your time. If you nor fit see me as di madam of dis house you no fit enter dis house.
42. **WHIZ PAPA:** **(LAUGHING DRYLY)** You wan begin fly for daytime now!
43. **EFE:** **(REALLY VEXED)** Whiz Papa! Wetin you mean?
44. **WHIZ PAPA:** **(LAUGHING)** Eh hen? See am, I nor be whiz mumu again!.
45. **EFE:** Wetin you dey try call me?
46. **WHIZ PAPA:** **(SINGING)** One day na one day, Monkey go go market e no go return. **(WHISTLES THE SONG)**
47. **EFE:** Which kain stupid song be dat? Jus carry yourself commot here, nor come give me headache with your songs wen nor get meaning.
48. **WHIZ PAPA:** Songs wen nor get Meaning? If I dey sing song wey nor get meaning, dat before-before! Dis song get meaning o! At least for you!
49. **EFE:** Why for me? Dat song suppose mean anyting for me? I be monkey?
50. **WHIZ PAPA:** But if you nor be monkey you go sabi about woman wen dey wicked her husband pikin? **(BREAKS INTO ANOTHER SONG OF MOCKERY)**
51. **EFE:** Nor be your fault; na me wey dey here dey waste time with you. You dis old man wey dey wan form comedian. You nor even funny. Old goat! **(HISSES)**

52. **BRIDGE MUSIC: UP AND FADES UNDER**

### **SCENE 3**

**Pullen's house. Afternoon**

- 53.SFX: **OFF MIC, ISOKEN IS HUMMING ONE OF HER MOURNFUL SONGS. SOUND OF CLOTHES BEING SHAKEN AS THEY ARE SPREAD. ON MIC. POTS CLANGING. GENERAL OUTDOOR NOISES.**
- 54.NGOZI: **(ON MIC) (SUDDEN SCREAM) Yeh! (LOUDER SCREAM) Isoken! Isoken!! Abeg come!**
- 55.SFX: **SOUND OF RUNNING.**
- 56.ISOKEN: Ngozi! Wetin! Oh, your water don burst! **(PANICS) Yeh! Wetin I go do now?**
- 57.NGOZI: Isoken relax now or you no go fit help me.
- 58.ISOKEN: **(SHAKILY) Okay, I don relax now so wetin make I do?**
59. NGOZI: **(SCREAMS AGAIN) Yeh!! This baby wan rush come o!**
- 60.ISOKEN: **(FRANTIC) Ngozi wetin I fit do to help you?**
- 61.NGOZI: **(DRAWS A DEEP BREATH) Yes call taxi wey go carry me go hospital..**
- 62.ISOKEN: Ok Ngo....**(BEGINS TO HURRY OFF)**
- 63.NGOZI: Come back Isoken. Enter inside house go bring my bag. I don already pack am, e dey near bed.
- 64.ISOKEN: Alright Ngo**(HURRIES OFF. DOOR OPENS )**
- 65.NGOZI: Yei!!! Isoken do quick! Yo no see di bag?
66. ISOKEN: **(OFF MIC) I dey come! (DOOR OPENS) (ON MIC) Ngozi, see di bag here.I dey call di taxi now.**
- 67.NGOZI: Quick o! Isoken do quick **(GROANS)**
- 68.SFX: **STREET NOISE AND LIGHT VEHICULAR MOVMENT. CAR DRIVES IN. CAR DOOR OPENS. MOVEMENTS AS NGOZI GETS INSIDE THE CAR. OCCASIONAL MOANS FROM NGOZI.**

- 69.**NGOZI:** Isoken, thank you very much . abeg help me call my husband Inno tell am say I don go hospital.
- 70.**ISOKEN:** I go call am. But first, make I carry you go hospital.
- 71.**NGOZI:** And abeg Isoken, you go help me bring Chucks for school. Keep am with you till my husband Innocent return.
- 72.**ISOKEN:** I go go Carry Chucks for school too. Make we carry you go hospital first. Oga drive dis taxi, make we go
- 73.**SFX:** **CAR DRIVES OFF**
- 74.**BRIDGE MUSIC:** **UP AND FADES UNDER**

#### **SCENE 4**

*Pullen's house*

- 75.**SFX:** **DOOR OPENS AND SNAPS SHUT. RUNNING FOOTSTEPS.**
- 76.**EFE:** **(ABRUPTLY)** Isoken! Where you dey run go like dat?
- 77.**ISOKEN:** **(PANTING)** Aunty Efe....
- 78.**EFE:** **(INTERRUPTS)** Nor dey breathe like dog, answer me.
- 79.**ISOKEN:** **(APOLOGETICALLY)** I jus wan....
- 80.**EFE:** **(ANGRILY)** You jus wan wetin? I don dey call you, dey find you for every corner.
- 81.**ISOKEN:** Aunty, I nor hear when you dey call me. I be dey help Ngozi. I carry am go hospital.
- 82.**EFE:** Ngozi don enter labour? So na dia wey you dey since!!
- 83.**ISOKEN:** Yes ma. Di ting jus start one time, so I carry am go...
- 84.**EFE:** How dat one take konsain you? Na you be her husband?
- 85.**ISOKEN:** But aunty Efe, dem be our tenants and our neighbors, and I jus say make I help dem.
- 86.**EFE:** **(MIMICKING ISOKEN)** I jus say make I help dem. Reverend Sister! By di way, how you take sabi say she don enter labour?
- 87.**ISOKEN:** I jus dey around, dats all. I dey baffroom, dey wash cloth and she dey kitchen when I hear am as she begin shout.
- 88.**EFE:** You hear yourself Isoken? You dis wicked pikin wen winch born. I sure say you dey do amebo with am, una siddon dey gossip me as una dey always do
- 89.**ISOKEN:** Aunty, nor be true. You fit even go see di cloth wey I don wash finish, hang for line....
- 90.**EFE:** **(SHARPLY)** You dis stupid girl! You wan make I go inspect wetin you wash? **(CLAPS HER HANDS)** No

respect! Do quick go finish di cloth wey you leave go play nurse abi na Reverend Sister! Mssssh!

91. **ISOKEN:** (TIMIDLY) Sister Abeg I wan go collect Chuks for school...
92. **EFE:** See, Isoken you dey really try me. I don tell you make you go wash cloth finish.
93. **ISOKEN:** I promise Ngozi say I go help am carry Chuks from school.
94. **EFE:** (LIVID) You promise say you go go message for Ngozi and you nor ask me first? And dat Ngozi no tink say she for take permission before she send you?
95. **ISOKEN:** E happun quick quick. She nor get time to ask for (PAUSES) erm,.. permission;
96. **EFE:** Anybody dey hear dis stupid which pikin? Why you dey defend dat woman wey tink say she sabi everyting?
97. **ISOKEN:** Abeg, I jus wan carry Chuks for school. (ALMOST IN TEARS) im go don close by now.
98. **EFE:** People come see dis girl o! na cry she dey cry so o!
99. **ISOKEN:** Abeg, small Chuks go fear when im close and nobody come carry am.
100. **EFE:** True-true, dis matter don pass ordinary eye. You be Ngozi nanny?
101. **ISOKEN:** Abeg Auntie Efe make I jus do am dis one time, sake of say im mama and papa nor dey house now.
102. **EFE:** E be like say work wey you get inside house never reach, naim make you dey do boy-boy for your papa tenants.
103. **ISOKEN:** Abeg....

104. **EFE:**                   **(CUTTING IN ANGRILY)** Shut up and nor dey follow me count word! **(DOOR OPENS)** Come on go inside.  
**(SOUND OF DOOR BEING LOCKED)** You go remain inside dat room till you don sabi wetin dey good for you
105. **ISOKEN:**               **(WEEPING OFF MIC)** Abeg open door for me make I do wetin I been promise Ngozi. Abeg nor lock me inside here, abeg.
106. **EFE:**                   **(DRY LAUGH ON MIC)** I wan see how you wan go do wetin you promise now. Stupid mumu!
107. **BRIDGE MUSIC: UP AND FADES UNDER**